

**PANGARUH MODEL PROBLEM BASED LEARNING (PBL) DIBANTU
KU MÉDIA QUIZIZZ KANA HASIL DIAJAR IPAS MURID KELAS III
SD**

Ku:

Putri Dwi Lisnawati

215060073

ABSTRAK

Panelungtikan ieu boga tujuan pikeun nalungtik pangaruh *model Problem Based Learning* (PBL) nu dibantuan ku média palatihan *Quizizz* kana hasil diajar murid dina mata pelajaran Élmu Pangaweruh Alam jeung Sosial (IPAS) di kelas III SDN 066 Halimun. Panelungtikan ieu ngagunakeun pendekatan kuantitatif kalayan desain quasi eksperimen jinis *nonequivalent control group design*, nu ngalibatkeun dua kelas nyaéta kelas eksperimen nu nerapkeun model PBL dibarengan ku média *Quizizz*, sarta kelas kontrol nu ngagunakeun model pembelajaran konvensional. Dumasar kana hasil panelungtikan, prosés diajar dina kelas eksperimen lumangsung kalayan lancar jeung saluyu jeung léngkah-léngkah sintaks, sarta mampuh ningkatkeun motivasi jeung partisipasi aktif murid. Samentara éta, pembelajaran konvensional leuwih museur ka guru sarta teu nyurung kalibetna murid sacara aktif. Hasil analisis statistik nunjukkeun yén aya bédana hasil diajar nu signifikan antara dua kelas sanggeus aya perlakuan. Hasil uji gain ternormalisasi nuduhkeun yén kelas eksperimen ngalaman kanaékan 0,65 (kategori sedeng), sedengkeun kelas kontrol 0,47 (kategori sedeng). Sajaba ti éta, nilai effect size sabeser 0,912 kaasup kana kategori luhur, nu hartina aya pangaruh anu kuat tina perlakuan kana hasil diajar murid. Ku kituna, model *Problem Based Learning* dibantuan ku média *Quizizz* kabuktian éféktif pikeun ningkatkeun hasil diajar IPAS di sakola dasar.

Kecap Pamageuh: *Problem Based Learning*, Média *Quizizz*, Hasil Diajar